

BIWO CHERIF KONTE PALM BEACH LA

KONSEY SÉKIRITE

KONT SIKLÒN



Preparasyon an esansyèl.

Cherif Ric L. Bradshaw raple w pou w pran tan kounye a pou asire w ke oumenm ak fanmi w an sekirite epi pare pou sezon siklòn sa a. Tiliv sa a bay enfòmasyon sou kontak nan sitiyasyon ijans, pou sekirite lè w sou wout, konsèy pou preparasyon ak referans ki mennen dwat nan resous dokiman enpòtan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Biwo Cherif la, tanpri al gade nan sit entènèt nou an nan www.pbso.org.

APRÈ TANPÈT LA

Ede Biwo Cherif la ba w pi bon sèvis



NIMEWO POU SITIYASYON KI PA IJAN:

561-688-3400 Prensipal

561-995-2800 Delray Beach ak Boca Raton

561-996-1670 Glades

- **Rele nan 911 pou vre ijans yo.** Pànn kouran ak telefòn oswa lòt pwoblèm sèvis leta bay yo ta dwe rapòte dirèkteman bay konpayi sèvis publik la oswa rele Sant Operasyon Ijans Konte Palm Beach la nan 561-712-6400, ki pral dirije w opre bon ajans la.
- **Evite fil elektrik ki tonbe atè** - toujou panse yo aktif.
- **Sèlman kondwi lè absoliman sa nesesè.** Pa ale fè touris. Si ou dwe kondwi, pran prekosyon. Konbine soti w ak za vwazen w pou redwi trafik. Evite kondwi nan mitan lannwit si pa gen kouran nan zòn ou an.
- **Si limyè sikilasyon yo pa fonksyone byen oswa yo etenn, trete tout entèsekson yo kòm yon arè kat-direksyon epi bay lòt machin priyorite.** Chèche pano lari tanporè pou gide w.

- **Swiv tout lòd egzekitif ak ijans ki soti nan nivo Eta, Konte ak kolektivite lokal yo.**
- **Vyolasyon kouvrefe a ka lakòz yo ba w yon amann oswa yo arete w.**
- **Siveye repòtaj televizyon ak radyo lokal yo.**
- **Si yo deplase w, retounen lakay ou sèlman lè otorite lokal yo di w li an sekirite pou w fè sa.**
- **Tcheke epi ede vwazen ou yo.**
- **Di fanmi w ak zanmi w ou an sekirite.**



PREPARASYON FÈ YON PLAN. ÒGANIZE YON SAK ATIK SEKOUE.

Pandan yon katastwòf, oumenm ak/oswa fanmi w ap bezwen atik espesifik. Rasanble pwovizyon anvan katastwòf fwape, tankou founiti ou pran divès kote (pa egzanp, lakay, travay, machin).

Tisak atik pou ijans ou a ta dwe gen ladan atik sa yo:

- Dlo, yon galon dlo pou chak moun pou chak jou pou omwen twa ak de preferans sèt jou, pou bwè. Planifye tou pou sanitasyon ijans ki pa mande twòp dlo, paske dlo sa a se prensipalman pou konsomasyon. Bezwen dlo yo varye selon laj, kondisyon fizik, aktivite, rejim alimantè ak klima.
- Manje. Yon minimòm twa jou ak de preferans sèt jou rezèv manje ki pa gate. Sonje ke kèk manje mande dlo pou prepare.
- Radyo ki fonksyone ak batri oswa yon manivèl ak Radyo meteyo NOAA tout danje ak alam ki sonnen epi ak batri siplemantè
- Aplikasyon pou alèt move tan pou Esmatfòn pou asire yon kapasite alèt sistematik
- Flach ak pil anplis
- Twous premye swen
- Yon siflè, pou fè siyal pou mande èd
- Mask pou pousyè, pou ede filtre lè ki kontamine, ak fèy plastik ak tep pou pwoteje anplasman kote w ye a kont nenpòt ensidan chimik ak pwodwi chimik ki nan lè deyò a.
- Sèvyèt mouye, sache fatra, ak fisèl plastik pou sanitasyon pèsonèl
- Kle oswa pens pou koupe sèvis publik yo
- Mask, dezenfektan pou men, ti sèvyèt dezenfekte, ak espre
- Zouti pou louvri manyèlman bwat fèblan (ki pa elektrik) pou manje (si sak manje a gen bwat ladann)
- Kat jewografik lokal yo
- Medikaman sou preskripsyon ak linèt
- Fòmil tibebe ak kouchèt
- Manje bêt kay ak dlo siplemantè pou bêt kay ou
- Dokiman fanmi enpòtan tankou kopi kontra asirans, idantite ak etadkont labank nan yon vesò pòtab ki pa kite dlo antre epi ki bare dife.
- Lajan kach ak monnen
- Sak pou dòmi oswa dra cho
- Rad pou chanje rad ou gen sou w, tankou yon chemiz manch long, pantalon long, ak soulye ki solid. Ou ka bezwen rad siplemantè si w ap viv nan yon klima frèt.
- istèm pou pirifye dlo epi/oswa klowòks yo itilize nan kay ak yon goutagout medikal
- Ekstenktè
- Founiti pou fanm ak atik ijjèn pèsonèl
- Mess kit, tas papye, asyèt plastik ak istansil ak sèvyèt papye
- Papye ak kreyon
- Liv, jwèt, pezeul oswa lòt aktivite pou timoun yo



ALERTPBC: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/pages/alert-pbc.aspx>

PAJ DAKÈY DIVIZYON JESYON IJANS KONTE PALM BEACH LA: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/Pages/Preparedness.aspx>

ZÒN EVAKYASYON/ZÒN INONDASYON PBC: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/Pages/Know-Your-Zone.aspx>

PLAN AKSYON POU SIKLÒN PBC – ANN ANGLE: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/PDF/Hurricane-Guide.pdf>

PLAN AKSYON POU SIKLÒN PBC – PANYÒN: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/PDF/Hurricane-Guide-SPAN.pdf>

AKSYON POU SIKLÒN PBC – KREYÒL: <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/PDF/Hurricane-Guide-CREOLE.pdf>

MAGAZEN AK ESTASYON GAZ NAN PALM BEACH KONTE KI GEN JENERATRIS:

<https://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/Pages/Emergency.aspx>

ZOUTI EVAKYASYON PBC: http://maps.co.palm-beach.fl.us/cwgis?app=evacuation_info

ORÈ WOUT BIS PALM TRAN: <http://palmtran.org/>

FLORID - GID ENSKRIPSYON SEKIRIZE KAY MWEN NAN FLORID: <http://mysafeflorida.org/multimedia/homeinspectionuserguide.pdf>

SIT FEMA PARE POU SIKLÒN: <http://www.ready.gov/hurricanes>

TISAK PLANIFIKASYON FEMA POU FANMI KI PARE POU ALE YO: <https://www.ready.gov/kids/family-emergency-planning>